

Regleman 2.16 Konsènan Aktivite pou Ranmase fon nan lekòl yo

1. Kèlkeswa pwojè ak aktivite pou ranmase lajan lekòl la oswa yon gwoup lekòl la ap fè dwe kontribiyè pou devlopman edikatif oswa ekstrakirikilè elèv yo epi sa pa dwe an konfli ak pwogram ansèyman an anjeneral nan lekòl la. Men, si ta gen yon trajedi vin ki pase nan kominote lekòl la, lekòl la gen dwa pran inisyativ òganize yon kòlèk fon oswa fè aktivite maraton pou mande kòb nan avantaj viktim nan (yo) oswa fanmi viktim nan (yo). Se direktè/tris lekòl la ak manb anplwaye lekòl la ki kab pran responsabilite detèmine si gen rezon valab ase pou fè aktivite kòlèk fon oswa maraton pou ranmase lajan.
2. Tout aktivite ak pwojè maraton pou ranmase lajan k ap fèt lekòl yo dwe fèt ak yon sèten limit. Direktè/tris lekòl la dwe apwouve alekri kèlkeswa aktivite kòlèk fon k ap fèt lekòl la dapre prensip ki etabli yo, pami yo pou ranpli yon fòm [Fòm PBSB 0153](#) ki fè pati sa n ap pale la a kòm referans yo kapab jwenn nan [Fòm sit entènèt Distri a](#) la. Chak lekòl yo dwe toujou egzamine aktivite ak pwojè pou ranmase fon y ap òganize yo pou wè si yo an konfòmite ak prensip pou ankouraje eksperyans edikatif elèv yo, kantite tan sa pran pou elèv yo ak pwofesè yo ak ki sakrifis anplis sa reprezante sou kominote lekòl la.
3. Eksepte jan sa deklare nan paragaf 1 ak 6 regleman sa a, li entèdi pou gen kèlkeswa fòm kòlèk fon k ap mande elèv yo pou bay lajan lekòl la san yo pa p resevwa okenn pwodui oswa sévis. Sepandan, yo gen dwa mande pou kolekte yon seri pwodui pou koz charitab oswa rezon imanité (tankou jwèt pou timoun, bwat manje konsèy pou sòlda ameriken, elatriye) tankou paegzanp pou moun ki viktim yon dezast natirèl oswa pou ankouraje sòlda ameriken yo.
4. Akoz danje posib ki kab egziste pou yon elèv an patikilye ki enplike nan kalite aktivite kòlèk fon konsa, men mezi byen detèmine ki dwe obsève:
 - a. Tout elèv yo gen dwa pou vann magazin, men, okenn elèv pa dwe mache fè pòt an pòt pou vann kèlkeswa pwodui a.
 - b. Li entèdi, pou kèlkeswa elèv k ap patisipe nan aktivite lekòl la apwouve, tankou vann sirèt, lave machin ak lòt aktivite sanblab, kanpe nan mitan lari oswa sou twotwa bò lari pou ap fè aktivite sa yo.
 - c. Akoz danje natirèl ki genyen nan kouri aparèy mekanik yo, okenn lekòl oswa òganizasyon lekòl pa dwe otorize okenn kous materyèl mekanik sou pwopriyete distri lekòl la oswa nan kèlkeswa aktivite lekòl la ap òganize pou kèlkeswa rezon an.
 - d. Gen yon seri aktivite kòlèk fon lekòl òganize ki kab gen yon karaktè inabityèl ki ekspozè Distri lekòl la ak yon seri risk oswa danje potansyèl ekstraòdinè oswa ki enplike anpil patisipan ak/oswa espektatè, epi ki kab pèmèt ranmase gwo kantite fon ki depase anpil fwa pri sa koute pou achte garanti asirans.
 - i. Pou kab detèmine si wi ou non yon aktivite rete nan kad estanda ki tabli yo, lekòl la ta dwe konsilte bilten Depatman asirans ak prestasyon legal yo (Risk & Benefits Department (aktyèlman P-12791-COO/ERBM an dat 9 Me 2008) konsènan kondisyon garanti asirans vandè otorize yo pou izaj piblik bilding lekòl ak lis ekstansyon pri ki tache ak li yo. Ou kab jwenn bilten sa a nan: [Prekosyon & Kontwòl Risk](#). Yon aktivite rete nan kad estanda sa a si li pwojete resevwa yon kantite ki plis pase 3 000 moun, ki klase li nan lis ekstansyon pri ki tache ak bilten an kòm yon aktivite a risk elve oswa ki pa parèt kòm yon aktivite ki fè pati lis ekstansyon ki tache ak bilten an.
 - ii. Lekòl ki responsab kalite aktivite kòlèk fon sa a dwe achte ase kouvèti asirans sifizan pou pwoteje Distri a sizoka ta gen kèk reklamasyon ki fèt nan evènman aktivite sa yo. Lekòl sa a, an patikilye, gen pou li kontakte depatman Prekosyon & Kontwòl Risk nan Distri a pou ede li ak bay apwobasyon li pou asirans sa a.
 - e. Si se yon moun an patikilye oswa yon òganizasyon ki pa fè pati lekòl la, tankou PTA paegzanp, k ap òganize aktivite maraton oswa kòlèk fon an nan lekòl la, moun sa a oswa òganizasyon sa a dwe achte kouvèti asirans ki bay ase garanti kòm pwoteksyon sifizan dapre sa ki pibliye nan bilten ki pi resan Depatman Prekosyon & Kontwòl Risk pou kab gen ase garanti sifizan pou pwoteje Distri lekòl la kont kèlkeswa reklamasyon evantyèl ki ta rive fèt, dapre jan sa rekòmande nan [Regleman 7.18 Distri lekòl la](#).

5. Direktè/tris lekòl la gen dwa entèdi kèlkeswa òganizasyon k ap mande elèv yo lajan dirèkteman lekòl la, nan lè lekòl la ap travay. Antouka, pa gen anyen nan regleman sa a ki entèdi elèv yo fè kòlèk fon pèsonèl yo kòm endividi oswa kòm gwoup oswa kòm yon klib kèlkonk, depi aktivite sa yo pa fèt andedan lekòl la ak depi te gen otorizasyon direktè/tris lekòl la davans pou sa. Patisipasyon nan kalite aktivite sa yo dwe fèt sou baz volontè, epi yo pa dwe fòse okenn elèv bay kontribisyon oswa achte kwakseswa.
6. Elèv gen dwa patisipe nan aktivite maraton kòlèk fon pou kòz charitab swa sou baz pèsonèl swa kòm manb yon gwoup ki fè lòt aktivite lekòl la. Men tou, kalite aktivite sa yo dwe fèt andeyò aktivite akademik k ap fèt pou jounen an epi yo dwe jwenn apwobasyon direktè/tris lekòl la depi davans. Patisipasyon nan kalite aktivite sa yo dwe fèt sou baz volontè, epi yo pa dwe fòse okenn elèv bay kontribisyon oswa achte kwakseswa.
7. Lajan ki ranmase nan kèlkeswa pwojè kòlèk fon oswa aktivite kèlkonk la dwe depoze nan kont fon entèn lekòl la, epi lajan sa a dwe debouse pou fè depans dapre prensip ak regleman distri a preskri pou sa nan manyèl enfòmasyon distri a sou jesyon kontab fon ki genyen yo ak regleman distri a konsènan kont entèn yo ([Regleman 6.07](#)), ak [Regleman Konsèy Administrasyon Depatman Edikasyon Nasyonal Eta a 6A-1.001, Dosye Rapò finans Distri a, Rapò Kontab ak Kontabilite Pri Pwogram lekòl nan Florid yo Koute, \(Liv Wouj 2001 an\), 6A-1.085, Prensip debaz kontabilite pou jesyon fon entèn yo](#), ak [6A-1.0143, Alokasyon fon pou Pwomosyon ak Relasyon Piblik](#).
 - a. Pwojè akizisyon pwodui dwe rete nan yon nivo minim.
 - b. Lekòl yo pa ankouraje pou itilize lè aprantisaj timoun yo pou planifye, ankouraje oswa egzekite pwojè kòlèk fon, sof si pwojè sa a lye dirèkteman ak yon pati nan pwogram etid ki deja pwogram pou elèv yo.
8. Nan nivo lekòl la, asosyasyon paran ak pwofesè, lòt kolektivite oswa òganizasyon ki an rapò ak lekòl la gen dwa patwone pwojè ak aktivite kòlèk fon, ak kondisyon sa pa gen okenn enfluyans negatif sou travay lekòl la ak lè aprantisaj elèv yo. Aktivite sa yo ta dwe òganize dapre prensip ak regleman distri a, epi yo ta dwe jwenn apwobasyon direktè/tris lekòl la.
9. Konsèy administrasyon an ankouraje lekòl ki kapab oswa ki gen mwayen ranmase bon kou lajan nan kòlèk fon yo pou yo ta adopte nenpòt lòt lekòl ki pa gen mwayen fè menm jan an pou pataje resous yo ansanm ak yo.
10. Jwèt aza ki an vyolasyon lwa § [849.04, Fla. Stat.](#) dwe entèdi.
11. Lekòl yo pa dwe nan afè òganize tiraj oswa bòlèt sou chans; men, òganizasyon ki kalifye dapre kondisyon ki bay nan [26 U. S.C. § 501\(c\)\(3\), \(4\), \(7\), \(8\), \(10\), or \(19\)](#) otorize pou òganize raf oswa tiraj dapre § [849.0935, Fla. Stat.](#) ak kondisyon depi òganizasyon sa a ranpli tout kondisyon ki egzije nan [Ch. 496, Fla. Stat.](#) lwa eta Florid la.
12. Li ilegal pou kèlkeswa òganizasyon ki otorize pou òganize tirajosò yo mande yon frè admisyon kòm donasyon, pèyman, prèv oswa resi acha, oswa yon kontribisyon kòm kondisyon swa pou antre, swa pou patisipe nan tirajosò a, swa ankò pou kab fè pati jwè ki seleksyone pou gen yon prim.
13. Òganizasyon k ap distribiye biyè raf yo pa oblije mande yon kontribisyon oswa donasyon pou moun kab patisipe nan raf la; nonplis tou, li pa gen dwa diskalifye oswa rejte abitrèman ni fè diskriminasyon sou kèlkeswa fòm nan ant patisipan ki bay kontribisyon yo nan òganizasyon an ak lòt moun ki pa fè pati òganizasyon an.
14. Li ilegal tou pou pa avèti oswa enfòmè moun ki genyen yon prim kèlkonk nan raf la oswa pou pa bay moun ki gen prim yo jan yo te anonse sa ak nan lè yo te di y ap fè sa a.
15. Si gen raf oswa tiraj k ap òganize, kèlkeswa panflè, bwochi, piblisite, anons, biyè oswa tikè k ap itilize pou òganize raf sa a dwe gen ladan li enfòmasyon piblik sa yo ekri byen klè:
 - a. Tout regleman ak kondisyon ki valab nan operasyon òganizasyon raf oswa tiraj la.
 - b. Tout non konplè òganizasyon oswa responsab raf la ak adrès prensipal ofisyèl li;
 - c. Tout sous kote yo jwenn lajan pou achte prim y ap bay yo oswa kote yo jwenn yo, epi;
 - d. Dat, lè ak ki kote y ap chwazi gayan yo, amwenske yo pa ofri piblik la panflè, piblisite, anons, biyè oswa tikè yo plis pase twa (3) jou alavans avan jou tiraj la.
 - e. Li pa nesèsè pou moun oblije achte oswa fè kontribisyon pou patisipe, sa vle di òganizasyon an pa gen dwa egzije moun peye okenn frè, fè donasyon, konsiderasyon espesyal, peye, bay prèv sa li te achte oswa prèv kontribisyon li te bay kòm kondisyon pou patisipe oswa pou gen yon prim nan raf la. Antouka, kondisyon sa a pa anpeche ni

vle di nonplis yon òganizasyon pa gen dwa mande yon minimòm donasyon oswa deklare nan tout materyèl ekri l ap enprime konsènan òganizasyon evènman kòlèk fon oswa tiraj la, yon deklarasyon ki mansyone minimòm donasyon sa a.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ [1001.32 \(2\)](#); [1001.41 \(1\) & \(2\)](#); [1001.42 \(4\), \(8\), \(12\), \(19\) & \(26\)](#); [1001.43 \(1\), \(2\) & \(5\)](#)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ [Ch. 496](#); [849.04](#); [849.08](#); [849.0935](#); [1001.43 \(2\)\(b\) & \(e\)](#); [1001.42 \(12\)](#); [1001.51 \(11\)](#); [1001.54](#); [1006.07 \(1\)](#); [1010.01](#); [1010.08](#); [1011.07](#); [1012.28](#)

REGLEMAN DEPATMAN EDIKASYON AN: [6A-1.0143](#); [6A-1.085](#), Fla. Admin. Code

DOSYE ISTORIK: 18/2/72; 21/7/82; 3/9/97; 1/7/98; 26/3/01; 24/3/2010